



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE MEZI ANDISYONÈL NAN LWA SOU ZAM ETA A YO SWIT APRE FIZIYAD AN MAS MÒTÈL NAN LEKÒL PRIMÈ TEXAS LA

Gouvènè Hochul: "Kijan yon jèn 18 ane fè achte yon AR-15 nan Eta New York, Eta Texas? Moun sa a pa gen laj ase pou li achte yon bwason legal. Mwen vle travay ak lejislati a pou chanje sa. Mwen vle li gen 21 ane. Mwen panse ke se jis bon sans."

Mande Lapolis Eta a ogmante vizibilite nan lekòl yo nan mezi pou pran anpil prekosyon, konvoke reyinyon ijans Ekip Amelyorasyon Sekirite nan Lekòl la

Ofri mizajou sou sezi zam apre fòmasyon Gwoup Travay Entè-etas sou Zam Ilegal la nan mwa janvye a

Lapolis Eta a sezi zam ilegal ki ogmante jiska 60 pousan pa mwa, li te fè 299 investigasyon trasaj zam ki bay pis nan 22 Eta

Tout Ajans Fòs Lòd New York yo te sezi prèske 4,000 zam an 2022

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a mezi adisyonèl pou ranfòse ak fèmen twou vid ki genyen nan lwa eta a yo sou zam apre yon fiziyad an mas terib nan Texas ki te touye omwen 21 moun - ki gen ladan 19 timoun lekòl primè. Pou pran anpil prekosyon, Gouvènè Hochul ap mande Lapolis Eta a pou ogmante vizibilite nan lekòl yo nan zòn patwouy yo nan tout eta a Ogmantasyon prezans sa a gen ladann pwen kontwòl yo nan lekòl yo dwe fèt pa alafwa manm an inifòm ak an civil. Efò sa a pral kontinye jiska fen ane eskolè a.

Byen bonè maten an, Gouvènè Hochul te òganize yon reyinyon ijans Ekip Amelyorasyon Sekirite Lekòl (School Safety Improvement Team, SSIT) eta a, ki gen ladann Polis Eta a, Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la. Reyinyon an te fèt pou asire ke tout sa ki posib ap fèt pou sipòte sekirite lekòl atravè eta a. SSIT te kreye an 2013 apre trajedi nan Sandy Hook Elementary School la. Ekip la travay pou sipòte sekirite lekòl yo epi asire ke yo chak gen pwotokòl sekirite ki apwopriye ak pwosedi ki an plas.

Gouvènè Hochul te mande drapo pou yo moute drapo a demi ma pou onore viktim fiziyad Texas yo. Drapo yo pral rete a demi ma jiska 12 PM nan Lendi 30 Me.

"Fiziyad Tèrib sou 19 timoun ak de pwofesè nan Texas, pa menm de semèn apre asasina an mas dis Nouyòkè nan Buffalo, se deja yon lòt rapèl enèvan sou epidemi vyolans ak zam nasyon nou an ap fè fas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa yo se etap nou pa ta dwe pran, men m ap konvoke yon reyinyon ijans Ekip Amelyorasyon Sekirite Lekòl Eta a epi m ap mande Lapolis Eta a pou ogmante vizibilite nan lekòl yo pou asire n ap fè tout sa nou kapab pou anpeche pwochen trajedi a. Administrasyon mwen an pral kontinye travay pou ranfòse lwa sou zam yo nan eta nou an epi mete fen nan zak terib sa yo, pou tout moun—soti nan timoun lekòl yo pase nan moun k ap achte pwovizyon rive nan moun k ap vizit tanp adorasyon yo—pou yo ka viv san yo pa pè ke lavi yo pral detwi pa yon zam lagè."

Semèn pase a, an repons dirèk ak zak laterè sipremasis blan an ki te touye 10 moun nan yon makèt nan Buffalo, Gouvènè Hochul [te devwale](#) yon pake konplè pou konbat ogmantasyon kontinyèl teworis nasyonal ak ekstremis vyolan, ranfòse lwa sou zam eta yo ak fè restriksyon sou platfòm rezo sosyal ki òganize ak anplifye kontni ki ankouraje ak difize zak vyolan yo.

Pake a te gen ladann piblikasyon de Dekrè Egzekitif kle. Premye [Dekrè Egzekitif](#) la pral tabli yon nouvo inite nan Biwo Kont Teworis (Office of Counterterrorism) la ki dedye sèlman pou prevansyon teworis nasyonal, pandan l ap tabli tou yon inite Polis Eta devwe pou trase ekstremis vyolan nasyonal yo atravè rezo sosyal yo. Dezyèm [Dekrè Egzekitif](#) la pral egzije Polis Eta a ranpli yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) dapre Lwa sou Sinyal Alam (Red Flag Law) Eta New York la chak fwa yo gen yon rezon pwobab pou kwè ke yon moun se yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun.

Kòm yon pati nan pake a, Gouvènè Hochul ap pouse tou yon seri mezi lejislatif ki fèt pou ede fòs lòd yo mennen ankèt epi anpeche krim ki gen rapò ak zam yo. Gouvènè a ap pwopoze nouvo lejislasyon pou fèmen vid "lòt zam" lan nan revize ak elaji definisyon zamafe, fè plis zam sijè a divès lwa ki deja egziste sou zamafe.

Gouvènè Hochul ap travay tou ak Lejislati a pou pase de pwojè lwa pou adrese ak rasyonnalize ankèt sou krim ki gen rapò ak zam yo. Premye a ta tabli yon pwosesis pou mande pou pistolè semi-otomatik yo fabrike oswa distribye bay vandè ki gen lisans nan New York pou yo kapab pèmèt mikwo-estanjaj. Dezyèm pati lejislasyon an ta ranfòse pwotokòl rapò sou zam lè yo egzije tout ajans fòs lòd yo pou to rapòte rekiperasyon nenpòt zam afe nan 24 èdtan apre dekouvèt yo.

Lè li pale jodi a nan dezyèm reyinyon Konsòsyòm sou Trasaj Zam Entè-Eta a (Intra-State Gun Tracing Consortium) nan Sant Entelijans Eta New York (New York State Intelligence Center) la nan East Greenbush, Gouvènè Hochul te bay tou yon mizajou sou efò fòs lòd yo pou retire zam ilegal nan lari nou yo. Sezi zam Lapolis Eta a ogmante

a 60 pousan pa mwa depi janvye [kreyasyon](#) Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal (Interstate Task Force on Illegal Guns) la. An 2022, Lapolis Eta te sezi 513 zam. An total, pandan peryòd sa a, ajans fòs lòd yo atravè eta a te sezi apeprè 4,000 zam, ki gen ladan plis pase 250 zam fantom.

Sezi Zam Afe Eta New York soti janvye - me 2022

	JAN	FEV	MA	AV	ME JISKA DAT	TOTAL (YTD)
Zam Afe ke NYSP te Sezi	72	96	157	106	82	513
Zam Afe ki pa Sezi pa NYC	269	367	327	395	185	1,543
Zam Afe ke NYC te Sezi	436	372	472	372	253	1,905
Kantite Zam Afe Total ki Sezi pa NYS	777	835	956	873	540	3,961

Ak chif yo y ap mete ajou chak jou, kantite zam yo sezi pou me yo sijè a chanje. Tablo a reflète zam yo sezi jiska 22 me.

Anplis de sa, Lapolis Eta a kontinye efò agresif yo pou trase zam yo. An 2022, Lapolis Eta a te fè 299 ankèt pou trase zam. Soti nan ka sa yo, yo te voye 53 pis ankèt nan 22 eta. Ka sa yo reprezante moun ki soti nan lòt eta yo te arete nan New York paske yo te posede oswa trafike zam afe ilegalman.

Anplis de Polis Eta a, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) a ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, reyinyon Konsòsyòm sou Trasaj Zam Entè-Eta te gen patisipasyon reprezantan Biwo Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif, Kabinè Avoka Etazini an, Biwo Pwokirè Jeneral la, Depatman Lapolis Vil New York, Depatman Lapolis Otorite Pòtyè a ak plizyè ajans fòs lòd lokal ak avoka distri yo.

Gwoup la te diskite dènye enfòmasyon sou sezi zam yo ak dènye estrateji yo pou retire zam ilegal yo nan lari epi pwoteje Nouyòkè yo.

Gouvènè Hochul te priyorize pou ranfòse kowòdinasyon ant ajans fòs lòd yo nan tout nivo ak atravè divès eta, li te konvoke Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal la nan mwa janvye pou pataje entèlijans, zouti, taktik ak estrateji pou konbat vyolans ak zam, espesyalman lè li gen rapò ak trafik zam afe ant diferan eta. Gwoup Travay la gen plis pase 50 reprezantan fòs lòd yo ki soti nan nèf eta nòdès yo.

###